Pro Index | Journal of Creativity in Art and Design
Volume: 2 Issue: r Year: 2024
ISSN: 3030-3028 | http://journals.proindex.uz

# DUWTAR ÁSBABI HÁM BAQSISHILIQ ÓNERINIŃ PAYDA BOLIWI

**Ziywar Asqarova**

Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

“Xalıq dóretiwshiligi” kafedrası aǵa oqıtıwshısı

**Qayipov Muzaffar**

Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

“Qosıq hám oyın” qánigeligi 2 kurs studenti

*Annotaciya:* maqalada duwtar ásbabı hám baqsıshılıq ónerinińpayda bolıwı, rawajlanıwı hám búgingi kúndegi ornı haqqında sóz etiledi.

*REZYME:* This article talks about the emergence and development of the bakshi craft among the Karakalpak people.  You will receive information about the first bakshi of the Karakalpak people, the development of the bakshi craft today.

*Tayanısh sózler:* duwtar, baqsı, jıraw, folklor, variyant, motiv.

Duwtar ásbabı Qaraqalpaq xalqı arasında oǵada  keń taralıp, maqtanıshlı milliy miyrasımızǵa aylanıp, ásirler dawamında hár qanday tarıyxıy jaǵdaylardan, quwanısh-qayǵısında, toy-merekelerinde birge ómir súrip kiyatırǵan milliy baylıǵımız bolıp esaplanadı. Bul ásbap “Qaraqalpaqlarda  XV ásir aqırı, XVI ásirbaslarında júdá keńnen taraǵan saz ásbap qatarına kiredi, degen boljawlar da bar. XV ásirdiń aqırı XVI ásirdiń baslarında Qaraqalpaq duwtarı eki túrli bolıp soǵılǵan. Birinshi túri perdesiz bolsa, ekinshi túri perdeli bolǵan”, dep keltirip ótedi Q.Ayekeev óziniń “Duwtar tarıyxı”, “Duwtar shertiw hám duwtar soǵıw usılı” atlı kitabında. Bul ásbaptıń kelip shıǵıwı haqqında basqa ásbaplar sıyaqlı kóp ǵana ápsanalar ushıratamız.  “1906-jılı tuwılǵan urıs hám miynet veteranı 90 jasar Qurbaniyaz Yusup ulı saz ásbabınıń qúdireti haqqında bılay deydi;- “Payǵambarımızdıń birewinde úsh at hám sol úsh attı baǵatuǵın úsh xızmetkeri bolǵan eken.

Bul úsh adamnıń wazıypası ózine bekitilgen atqa ot-jem, suw berip, attı semirtip baǵıwdan ibarat bolǵan. Payǵambarımızdıń ózi uzaq jolǵa shıqqanda minetuǵın Dúl-dúl degen torı atı bolǵan qusaydı. Payǵambarımız usı attı júdá jaqsı kóredi eken. Sebebi, at júdá ájayıp júyrik bolǵan, sol ushın bul attı usı eldegi eń bilgir atbaǵar Ǵayıp qara degen seyis adamǵa baqtırtadı. Bul adamnıń ustashılıq uqıbı da bar hám sázende eken. Qolınıń bos waqtında sırnay, úshpelek hám duwtarǵa uqsaǵan saz ásbapların soǵıp, shertip júredi. Kóbinese duwtardı hár qıylı muqamǵa salıp shertetuǵınuqıbı bar eken. Hár kúni azanda, keshte atqa ot-jem berip, ózi de awqatlanıp bolǵannan soń, soqqan saz ásbabın shertip sharshaǵanın shıǵaradı eken. Ǵayıp qaranıń miynetkeshligin sezgen payǵambarımız bul

adamǵa ayrıqsha kóz qarasta bolıptı. Bunı qızǵanǵan qasındaǵı eki atbaǵar hár qıylı ósek sózler aytıp, Ǵayıp qaranı payǵambarımızǵa jamanlap bara beripti. Dúl-dúldi ózlerimiz baǵamız – dep, Ǵayıp qaranı at baǵıw jumısınan bosatıptı. Sonnan baslap-aq bul at otlamaptı,suw da ishpepti. Bunı sezgen payǵambarımız kópti kórgen jası úlken awıl aqsaqalların jıynap, Dúl-dúldiń ot-jem jemey, suw da ishpey kún sayın azıp baratırǵanın aytıptı. Sonda ǵarrılardıń birewi - Ǵayıp qaranıń ózin shaqırıp sóylesiw kerek depti. Bul sóz payǵambarımızǵa da maqul túsipti, Ǵayıp qaranı shaqırtıp alıptı. Aqsaqallardan birewi Ǵayıp qaraǵa qarap: - durısın ayt shıraǵım, - dep iynine seń-seń ton jawıp tómendegi tórt qatar báyitti aytqan eken:

Torı at ushın at baǵar,

Ólgeninshe sabadı,

Attıń azıp ketiwi,

Neden eken shıraǵım?

Sonda Ǵayıp qara aqsaqallarǵa tómendegishe juwap beripti:

Jalǵan sózge aqsaqal,

Suwda órge aǵadı,

Jalǵan sóylep atbaǵar,

Janın otqa jaǵadı.

Sóyler sózi jón bolsa,

Sóz júyesin tabadı,

Tilin tapsań jániwar,

At uzaqqa shabadı.

Ot jem berip, suw berip,

Sonnan keyin saz shertip,

Jıllı-jıllı sóyleseń,

Mal iyesin tabadı

dep sazın hár qıylı namaǵa salıp shertken eken, at qulaǵın tikireytip, qattı kisnepti hám ayaǵı menen jer qarpıp, tepsinip qoya beripti. Áne sol Ǵayıp qara eki tarlı duwtar súlderindegi saz ásbabın dóretken qusaydı. Bul ańız bala waqtımda awılda bolǵan úlken bir toyda ǵarrılarǵa hám baqsı-jırawlarǵa ot jaqqısh bolıp júrip esittim,-deydi Qurbaniyaz ata Yusup ulı”.

Ásbaptıń sózlik mánisine keletin bolsaq, duwtar parsı tilinen alınǵan bolıp “Duw” – eki, “tar” – tar (sım) yaǵnıy “eki tarlı ásbap” degen mánini ańlatadı. Bul ásbaptıń soǵılıwı tiykarınan eki usılda: Birinshi qazba yamasa oyma duwtar, ekinshi qurama duwtar dep júritiledi. Eki túrdegi duwtarlardıń aǵashlarında da parıqboladı. Yaǵnıy qazba duwtar ádetde tut, erik aǵashlarınan soǵılatuǵın, qurama duwtar tiykarınan tut aǵashınan soǵılıp, bul túrdegi duwtar bólekleri óz-ara belgili tártipke qurastırılıp biriktiriledi. Duwtar ásbabınıń ústinde qaqpaǵı qanshelli dárejede juqa hám bekkem bolsa, onıń dawısı da sonday dárejede shıqqısh boladı. Duwtardıń beti kóbinese jiyde hám tut aǵashları menen qaplanadı. Sonı da aytıwımız kerek, Qaraqalpaq duwtarı “Alamoynaq duwtar” dep te ataladı.

Duwtardıń moynına qoydıń isheginen tayarlanǵan 12 perde oratılıp, ol xromatikalıq qurılısta dúzilgen. Duwtarda tek ǵana 12 perde bolıwı kerek dep kórsetilmegen, ol hár baqsınıń óz jolına qaray geyde kóbeyip ketetuǵın da jaǵdayları bolǵan. Máselen: Orınbay baqsı hár namanıń uzın-qısqa bolıp keliwine baylanıslı duwtarına hár dayım 14-15 perde baylap júrgen. Duwtar ásbabınń diapozonı 1,5 oktavaǵa shekem bolǵan. Xalqımız arasında qobızdı jırawlar jırlap shertken bolsa, duwtar shertiwshiler "sázende" dep, al onı shertip qosıq aytıwshılardı "baqsı" dep ataǵan. Ázelden-aq Qaraqalpaq xalqında duwtar hám basqa saz ásbabların soǵatuǵın ustashılıq óneri rawajlanǵan.

"Baqsı" – dástan, qıssa, tarıyxıy qosıqlardı hám xalıqtıń saz-sáwbetlik dóretpeleriniń basqa da túrlerin atqarıwshı. Qaraqalpaq baqsıları kóbinese dástanlar atqarǵan. XIX ásirdegi baqsılar Aqımbet, Muwsa, Arzı bir-biri menen júdá tıǵız baylanısta bolǵan hám usı úsh millettiń baqsıları repertuar menen muzıkası, tili qaraqalpaqlarǵa da, túrkmenlerge de, ózbeklerge de birdey túsinikli bolǵan. Qaraqalpaq baqsıları arasında jas áwladqa shákirt shıǵarıw, ustazlıq etiw dástúri, kóp sanlı informatorlardıń pikirlerine hám belgili maǵlıwmaqlarǵa qaraǵanda Aqımbet baqsı joqarı basqıshqa kótergen delinedi. Sonıń ushın qolda bar maǵlıwmatlarǵa súyene otırıp Aqımbettiń Qaraqalpaq baqsılarınıń eń iri wákili, ustaz hám shákirt shıǵarıw mektebiniń baslawshılarınıń biri retinde tanıymız. Ol talantlı jaslardı orayǵa jıynap, ózgeshe baqsıshılıq mektebin shólkemlestiredi. Ótken ásirden baslap tap usı búginge shekem sonıń jolına aytıp júrgen baqsılar sol mektepten órbigen. Aqımbet óz shákitrlerin úyine jıynap, qosıqtıń aytılıwı hám namanıń birim-birim hámmesine aytqızıp hám shertkizip kóretuǵın bolǵan. Sol namanı úyrenip bolmaǵansha basqa namaǵa ótkermey qatallıq penen tejep úyretken. Solay etip aldı menen aytım qosıqlar, kem-kemnen dástannıń úzindilerin, soń dástannıń ózin tolıǵı menen úyretiwge ótetuǵın bolǵan.

Dinshiler tárepinen qansha quwdalansada Qaraqalpaqlar ishinen qız baqsılar Húrlimannıń hám Qánigúldiń, shayır Sapura qızlar shıqqanlıǵın bilemiz.

Qaraqalpaq xalqınıń klassik shayırı Berdaq shayırdıń ul-qızlarınıń ishinen qızı Húrliman "qız baqsı" degen ataqqa iye boladı.

Húrliman ákesi Berdaqtıń qosıqların, dástanların, "Gúlbúlbúl"-di júdá jaqsı aytadı. Qızı Húrlimandı múyten ruwı, teli tiyresinen Qabıl degen jigitke uzatadı. Húrliman 1884-jılı tuwılǵan Qarajan degen ulına duwtar shertiwdi 12 jasınan baslap úyretedi. Húrliman balası Qarajandı qasına ertip, el aralap qosıq aytıp baqsıshılıq etedı. 1856-jılı Berdaq tárepinen soqtırılǵan duwtar qızı Húrlimanǵa, sońınan Húrlimannan Qarajanǵa miyras bolıp qaladı. Qaraqum iyshan Húrlimannıń baqsıshılıq etiwine qarsılıq qılǵan. Berdaq ózi Qaraqum iyshanǵa barıp óziniń narazı ekenligin aytadı. Berdaq – "Meniń jaqsı kórgen qızım tósekke kesel jatqannan, jaqtı dúnya kórip, deni saw júrgeni jaqsı" – deydi. Xalıq súygen shayırǵa Qaraqum iyshan qarsılıq qılıwǵa ázzilik etedi hám pikirinen qaytadı. Solay etip, Berdaq qızı Húrlimanǵa baqsıshılıq ete beriwine ruxsat etedi. Húrliman úlken talantınıń arqasında "qız baqsı" degen úlken ataqqa iye boladı.

Qaraqalpaq xalqınıń biytákirar kórkemónerin hám mádeniyatın bunnan da bılay rawajlandırıw, talantlı jaslardı milliy hám dúnya júzlik kórkemónerdiń joqarı úlgileri ruwxında tárbiyalaw, olardıń dóretiwshilik qábiletin hám intasın hár tárepleme qollap-quwatlaw, kórkemóner salasında qánygelerdi tayarlaw sistemasın jetilistiriwde Ózbekstan respublikası Prezidentiniń 2008-jıl 28-apreldegi PQ-845-sanlı qararında "Ózbekstan mámleketlik kórke móner institutı Nókis filialı" shólkemlestirildi. Bul xalıq kórkem ónerin rawajlandırıwda talantlı jaslardı júzege shıǵarıw ushın úlkem imkaniyat jarattı. Baqsıshılıq óneri boyınsha da "baqsıshılıq hám dástanshılıq" qánigeligi dúzilgen bolıp bunda talantlı ustazlar jaslarǵa baqsıshılıq sırların úyretip úlken saxnalarda miynetiniń jemislerin kórip kelmekte. Isenip ayta alamız bul óner hesh qashan ólmeytuǵın, atadan-balaǵa,

áwladtan-áwladqa ótip kele beretuǵın taraw. Bul joldı tańlaǵan jaslarımız Qaraqalpaq xalqınıń milliyligin pútkil dúnyaǵa tanıtıwǵa úles qosadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar.**


1. Nadırova.A Qaraqalpaq muzıka tarıyxı- Tashkent 2018
2. Moyanov Iqlasbay- Baqsı jıraw tarıyxı – Nókis 2021
3. Allamuratova.A Dospanov.O G.Tulewmuratova qaraqalpaq kórkem óner atamalarınıń sózligi. Bilim.
4. Qanatbayevna, Aximbetova Gulbahar, and Sarsenbaev Baxadir. "ORIENTAL SCHOLARS ON THE ART OF MUSIC." *Academic Integrity and Lifelong Learning (France)* 3 (2023): 11-14.
5. Qanatbayevna, Aximbetova Gulbahar, and Xudaybergenov Xursandjon. "PEDAGOGICAL CHARACTERISTICS OF THE ART OF GIVING." *Academic Integrity and Lifelong Learning (France)* 3 (2023): 7-10.
6. Qanatbaevna, Akhimbetova Gulbahar. "Perspectives of Development and Educational Significance of Bakhshi Art." *Miasto Przyszłości* 31 (2023): 67-71.
7. Gulbahar, Akhimbetova, and Munteeva Gulnara. "INTERNATIONAL COOPERATION IN THE ART OF BAKHSHI AND DASTAN IN NEW UZBEKISTAN: ACHIEVED RESULTS AND ANALYSIS." *Universum: филология и искусствоведение* 2 (92) (2022): 24-27.
8. Paluaniyazov, Miyrbek. "Musiqa madaniyati darslarida ilg'or pedagogik texnologiyalarni qo'llash mazmuni." *Science and Education* 2.9 (2021): 364-368.
9. Palwaniyazov, Miyrbek. "THE IMPORTANCE OF THE FOLLOWING EXERCISES IN DEVELOPING EFFICIENCY IN THE PERFORMANCE ON NOTES." *Интернаука* 5-2 (2021): 87-89.
10. Paluaniyazov, Miyrbek. "YOSHLARGA MUSIQAVIY TARBIYASIDA PEDAGOGLARNING USULLARI." *Oriental Art and Culture* 3.2 (2022): 883-888.
11. Yuldasheva, Zuxra. "MILLIY VA ZAMONAVIY MUSIQA SANATINING TURFA VA RANG-BARANG USLUBI." *Miasto Przyszłości* 39 (2023): 256-259.
12. Юлдашева, Зухра. "ОСНОВНЫЕ ВЫРАЗИТЕЛЬНЫЕ СРЕДСТВА ТАНЦЕВАЛЬНОГО ИСКУССТВА." *Oriental Art and Culture* 4.3 (2023): 822-827.
13. Meńlimuratov, T. "BAQSILAR HA'M BAQSISHILIQ MEKTEPLERI." *Экономика и социум* 6-2 (109) (2023): 283-288.
14. Юлдашева, Зухра. "Развитие хореографии как самостоятельного вида искусства." *Science and Education* 3.12 (2022): 916-922.
15. Liza, Aximbetova. "AKTYORLAR ROL USTIDAGI ISH JARAYONI." *Miasto Przyszłości* 40 (2023): 356-359.
16. Aximbetova, Liza. "Ovozdagi qusurlar va ularni yengish yo'llari, ovoz gigienasi va xonanda tartibi." *Science and Education* 4.1 (2023): 416-421.
17. Munteeva, G. "OQUVCHILAR OVOZINI RIVOJLANTIRISH BOYICHA NATIJALARINI ANIQLASH." *Miasto Przyszłości* 40 (2023): 384-386.

18. ZARIMBETOVA, Saltanat, and Gulnara MUNTEEVA. "XONANDANI TARBIYALASH JARAYONIDA O ‘QITUVCHI TURLI USULLARDAN FOYDALANISHI." *Journal of Culture and Art* 1.3 (2023): 36-41.

19. Satpay, Uzakov. "The Creator of Folklore is the People." *Miasto Przyszłości* 27 (2022): 197-198.

20. Erejepbaevich, Uzakov Satbay. "MUSIQA VA SANAT MAKTABLARI OQUVCHILARIDA BAXSHICHILIK SANATIGA OQITISH TENDENSIYALARI." *TA'LIM VA RIVOJLANISH TAHLILI ONLAYN ILMIY JURNALI* 2.3 (2022): 54-57.

21. Otarbaev, Daniyar. "MUSIQA-INSONNING TURMUSH TARZI VA IJTIMOY HAYOTIDA ETADIGAN VOSITALAR." *Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры* 3.1 Part 2 (2023): 102-104.

22. Отепбергенова, Гөззал. "МЕТАФОРАНЫҢ КӨРКЕМЛИК ТӘБИЯТЫ." *Theoretical aspects in the formation of pedagogical sciences* 2.4 (2023): 23-25.

23. Uzakov, Satpay. "Pedagogik qobiliyat insonning boshqa sifatlari kabi amaliy ish faoliyatida rivojlanib borishi." *Science and Education* 3.12 (2022): 667-672.

24. Yerejepbaevich, Uzakov Satbay. "Trends of development of bakhshich tradition in our people (on the example of Karakalpakstan)." *ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal* 12.3 (2022): 73-76.

25. Koshkinbaevna, Askarova Ziywar. "THE SIGNIFICANCE OF THE ACTIVITY OF CREATIVE TEAMS AND THEIR ANALYSIS." *JOURNAL OF SCIENCE, RESEARCH AND TEACHING* 2.11 (2023): 92-96.

26. ASKAROVA, ZIUAR, and LOLA MAHAMATDINOVA. "THE ROLE OF TEACHERS IN THE DEVELOPMENT OF EDUCATION OF FUTURE MUSIC TEACHERS IN HIGHER EDUCATIONAL INSTITUTIONS." *INTERNATIONAL JOURNAL OF RESEARCH IN COMMERCE, IT, ENGINEERING AND SOCIAL SCIENCES ISSN: 2349-7793 Impact Factor: 6.876* 16.8 (2022): 20-23.

27. Қоңыратбаев, Айдос, and Зиўар Асқарова. "ЎРТА ОСИЁ ҲУДУДИДА ИЖРОЧИЛИК САНЪАТИНИНГ ПАЙДО БЎЛИШИ." *Oriental Art and Culture* 3.2 (2022): 777-781.

28. Жарылқағанов, Абдисаид, and Зиўар Асқарова. "ЎЗБЕК ВА ҚОРАҚАЛПОҚ АНЪАНАВИЙ МУСИКА АСБОБЛАРИ." *Oriental Art and Culture* 3.2 (2022): 741-746.

29. Mirzagul, Sapaeva. "Importance of Professional Skills in Forming Acting Skills." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 2.11 (2023): 87-93.

30. Mirzagul, Sapaeva. "Mashq Bu Bilim Olishning Asosiy Vositasi." *Miasto Przyszłości* 40 (2023): 443-446.

31. Timurman, Meńlimuratov. "XALÍQ QOSIQLARÍNÍŃ SAQLANÍP KELIWINDE BAQSÍLARDÍŃ TUTQAN ORNÍ." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 2.11 (2023): 82-86.

32. Asqarov, Niyazbek. "Dirijyorlik etishda asarning mustaqil ijrosi." *Science and Education* 3.1 (2022): 996-1000.

33. Asqarova, Z. "QARAQALPAQ XALÍQ AWÍZEKI DÓRETPELERINIŃ IZERTLENIW TARIYXÍ (QAHARMANLÍQ DÁSTANLARÍ)." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 2.11 (2023): 36-41.

34. Embergenova, Gulayda, and Lochinbek Yo‘ldoshev. "ORGANIZATIONAL SEARCH FOR A TEACHER DURING A MODERN MUSIC LESSON." *Modern Science and Research* 2.12 (2023): 154-159.

35. Aytbaevna, Embergenova Gulayda. "NATIONAL MUSICAL ART AND YOUTH EDUCATION." *JOURNAL OF EDUCATION, ETHICS AND VALUE* 3.1 (2024): 38-43.

36. Aytbaevna, Embergenova Gulayda. "THE ROLE OF NATIONAL VALUES IN YOUTH EDUCATION." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 3.1 (2024): 9-13.

37. Munteeva, Gulnara. "THE IMPORTANCE OF IMPROVING VOCAL PERFORMANCE." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 2.12 (2023): 1-5.

38. Kalkanatov, Asilbek. "PROFESSIONAL QUALIFICATION OF THE MANAGER IN THE CULTURAL FIELD." *JOURNAL OF ECONOMY, TOURISM AND SERVICE* 2.9 (2023): 19-23.

39. Kalkanatov, Asilbek. "THE IMPORTANCE OF MANAGING THE PARTICIPATION OF CULTURAL AND ART INSTITUTIONS AND ORGANIZATIONS IN CULTURAL ACTIVITIES." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 2.9 (2023): 7-10.

40. Abatbaevna, Saparbaeva Gulshira, and Qolqanatov Asilbek Nazarbaevich. "History of the Development of Spiritual and Educational Processes in Karakalpakstan." (2023).

41. ЮЛДАШЕВА, Манзура, and Асылбек КОЛКАНАТОВ. "ПУТИ ФОРМИРОВАНИЕ ЭКОЛОГИЧЕСКОЙ КУЛЬТУРЫ МОЛОДЕЖИ В СОЦИОКУЛЬТУРНОЙ СРЕДЕ." *Journal of Culture and Art* 1.1 (2023): 16-20.

42. Zokirovich, Muminmirzo Kholmuminov, and Asilbek Kolkanatov Nazarbaevich. "A LOOK AT THE HISTORY OF CLUB ESTABLISHMENTS AND CULTURAL AND EDUCATIONAL PROCESS IN UZBEKISTAN." *Galaxy International Interdisciplinary Research Journal* 10.2 (2022): 37-44.

43. Юлдашева, Манзура, and Асылбек Колканатов. "OILAVIY DAM OLISH MADANIYATINI RIVOJLANTIRISHDA IJTIMOIY VA MADANIY MARKETING." *Scientific journal of the Fergana State University* 3 (2022): 6-6.

44. Xolmo‘Minov, Mo‘Minmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "MUFASSAL MUSHOHADALAR ME’MORIDAN MUFASSAL MUSHOHADALAR MEROJI." *Oriental Art and Culture* 3.2 (2022): 568-580.

45. Yuldasheva, Manzura, and Asilbek Qolqanatov. "O ‘ZBEKISTONDA MUZEY MENEJMENTI VA UNI TAKOMILLASHTIRISH XUSUSIYATLARI." *Oriental Art and Culture* 3.1 (2022): 254-260.

46. Xolmo‘Minov, Mo‘Minmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "O‘ZBEKISTONDA MADANIY-MA’RIFIY ISHLAR VA KUTUBXONALAR FAOLIYATI (XX ASR TAJRIBALARIDAN)." *Oriental Art and Culture* 3.1 (2022): 281-290.

47. Kholmuminov, Muminmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "The Formation of the First Libraries in Uzbekistan and the Role of Increasing the Cultural and Educational Awareness of the Population." *International Journal on Integrated Education* 4.12 (2021): 146-151.

48. Kolkanatov, Asilbek. "IFTIKHORI TIMSOLI TUMOR BRANCH." *JOURNAL OF HEALTHCARE AND LIFE-SCIENCE RESEARCH* 2.11 (2023): 67-69.

49. Nazarbay o‘g‘li, Qolqanatov Asilbek. "OMMAVIY TOMOSHA MUASSASALARI FAOLIYATI TAHLILI." *Academic Integrity and Lifelong Learning (France)* 2 (2023): 15-21.

50. Kalkanatov, Asilbek, Shahabatdin Makhamatdinov, and Islam Urazbaev. "ACTIVITIES OF NEW KARAKALPAKSTAN CULTURAL CENTERS: REFORM AND ANALYSIS." *Art and Design: Social Science* 3.01 (2023): 1-4.

51. Xolmo‘Minov, Mo‘Minmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "HIMMATNING QIYMATI ILM VA TAFAKKUR XAZINASI." *World of Philology* 2.1 (2023): 59-64.

52. QOLQANATOV, Asilbek. "“O ‘ZBEKKONSERT” DAVLAT MUASSASASI FAOLIYATI: TADQIQOT VA TAHLIL." *TA’LIM VA INNOVATSION TADQIQOTLAR* 12 (2023): 8-14.

53. Nazarbai, Kolkanatov Asilbek. "NEW VOICE IN UZBEK DIRECTION." *Journal of Innovation, Creativity and Art* 2.12 (2023): 65-70.

54. Alfiya, Qolqanatova. "Milliy Musiqa San’ati Va Yoshlar Tarbiyasi." *Journal of Creativity in Art and Design* 1.2 (2023): 16-20.

55. QOLQANATOV, Asilbek. "MA’DANIYAT VAZIRLIGI VA MADANIYAT MARKAZLARI: TARIXIY TARAQQIYOT JARAYONLARIDAN." *News of UzMU journal* 1.1.1. 1. (2024): 16-20.

56. Nazarbay o‘g‘li, Qolqanatov Asilbek. "OMMAVIY TOMOSHA MUASSASALARI FAOLIYATI TAHLILI." *Academic Integrity and Lifelong Learning (France)* 2 (2023): 15-21.